

PLAN AKSYON IJANS

Ekri non biznis lan

2025

Limitasyon reskonsablite

Ajans Jesyon Ijans nan Providence (Providence Emergency Management Agency - PEMA) mete sou pye modèl plan aksyon ijans sa a pou ede biznis devlope yon baz pou yon pwogram konplè sou preparasyon, entèvansyon ak restorasyon. Yon biznis apre yon ka ijans. Modèl sa a se premye modèl nan bwat zouti pou Kontinite Biznis la, epi li gen ladann yon plan aksyon ijans kòm eleman. Sepandan, chak biznis dwe ranpli modèl ki pèsonalizab pou mache ak operasyon, pwosesis, ak bezwen inik pou yo. Yo kapab bezwen lòt *aranjman* anplis sa yo sijere nan parantèz yo pou devlope yon pwogram ki efikas epi ki adaptab.

Plan sa a pa la pou ranplase, oswa anile okenn lwa, règleman, estanda oswa egzijans OSHA ki aplikab ak biznis oswa etablisman w lan. Plan sa a pa ranplase règlemantasyon lokal, eta oswa federal, ni li pa ranplase estanda endistri a. Chak biznis dwe itilize l ansanm ak tout egzijans jiridik ak règlemantè ki aplike..

*Providence Emergency Management Agency (PEMA)
bay sa kòm yon sèvis piblik.*



PROVIDENCE EMERGENCY MANAGEMENT AGENCY

591 Charles Street | 401-680-8000

www.providenceri.gov/PEMA

KONTNI

1. Plan aksyon ijans	4
ASIYEN RESPONSABILITE	4
AKTIVASYON PLAN	5
PWOSESIS KOMINIKASYON	5
PLAN EVAKYASYON	7
REFIJ SOU PLAS	8
SEKIRIZE BYEN + MATERYÈL	10
FÒMASYON	10
2. Gid pou entèvansyon nan ijans	11
MEDIKAL	11
PATOJÈN KI KA TRANSMÈT NAN SAN	12
MOVE TAN EKSTRÈM	13
DIFE	16
VYOLANS NAN ESPAS TRAVAY	18
VÒL	18
KONTAMINASYON PWODUI	19
INONDASYON	19
GAZOLIN / PWODUI CHIMIK KI TONBE	22
FUIT GAZ NATIRÈL OSWA PWOPÀN	24
SIBSTANS KI SISPÈK (PAKÈ/ LÈT)	24
TWOUB CIVIL	25
MENAS BONM	26
BLAKAWOUT	27
KONTAMINASYON DLO / ÒDONANS POU BOUYI DLO	27
TIYO DLO KI KASE	29
PÀN REFRIJERASYON / SEKIRITE MANJE	30
3. Apendis	33
Apendis A – Plan Wout evakyasyon etablisman an	33
Apendis B – Sèvis ijans piblik ak kontraktè yo	34
Apendis C – Ekip entèvansyon ijans (Emergency Response Team, ERT)	35
Apendis D - Lis kontwòl pou menas bonm	36
Apendis E - Lis kontwòl sou plan aksyon ijans Koutwazi OSHA	37
Apendis F – Distribisyon plan + Istorik revizyon	41

1. PLAN AKSYON IJANS

Plan aksyon ijans (EAP) lan gide konpayi an nan entèvansyon efikas ak yon valè sitiyasyon ijans tankou ensidan medikal, dife, inondasyon, menas aktif, elatriye. Sitiyasyon sa yo ka mande pou evakye moun, kreye yon refij sou plas, sekirize byen ak materyèl ansanm ak lòt aksyon pou anpeche blesi, lanmò oswa domaj sou byen.

ASIYEN RESPONSABILITE

Responsab plan ijans

Nan ka ta gen yon entèripsyon nan biznis lan, y ap kontakte **(Non)** pou aktive plan an. Pou objektif ki gen pou wè ak plan sa a, yo defini entèripsyon nan biznis tankou:

- 1. yon entèripsyon ki grav oswa yon menas pou operasyon yo; oswa
- 2. yon sitiyasyon ijans ki parèt brid-sou-kou oswa ki pre pou rive, kote yo atann l ap gen enpak sou biznis lan.

Responsab plan ijans lan responsab pou pwograme tès woutin nan sistèm notifikasyon ijans lan ansanm ak otorite ki apwopriye yo. Epitou, ankouraje pou kòdone ak resous piblik lokal yo pou vizit enspeksyon nan etablisman an.

Kodonatè plan ijans

Kowòdonatè plan ijans yo responsab pou mete pwosedi ki nan plan sa a an aplikasyon nan zòn yo deziyen yo a pandan yon ijans. *(Egzanp: Kòdonatè yo ka resevwa responsabilite pou konte anplwaye oswa vizitè apre yon evakyasyon.)*

Non	Seksyon / Depatman	Telefòn	Non altènatif	Telefòn altènatif
-----	-----------------------	---------	---------------	----------------------

Moun sa yo ap responsab pou ede anplwaye ki gen andikap oswa ki pa pale anglè pandan evakyasyon an:

Non	Seksyon / Depatman	Lang li pale	Telefòn	Telefòn altènatif
-----	-----------------------	--------------	---------	----------------------

AKTIVASYON PLAN

Pou ijans ki menase lavi oswa byen, anplwaye yo dwe rele 9-1-1 an premye. Nan ka gen yon entèripsyon nan biznis la, y ap kontakte **[Otorite ki apwouve a]** pou aktive plan an. Pou objektif ki gen pou wè ak plan sa a, yo defini entèripsyon nan biznis tankou:

1. yon entèripsyon ki grav oswa yon menas pou operasyon yo; oswa
2. yon sitiyasyon ijans ki parèt britsoukou oswa ki pa lwen rive, kote yo atann l ap gen enpak sou biznis lan.
3. **[Antre lòt eleman ki ka deklanche plan an ki enpòtan pou biznis la]**

PWOSESIS KOMINIKASYON

Sèvi ak sistèm sa yo pou asire yon bon komunikasyon pandan yon ijans oswa yon entèripsyon.

Detekte epi rapòte ensidan

- **Rapòte ijans:** Rele 9-1-1 tousuit pou ijans tankou dife, ensidan medikal oswa

sitiyasyon ki menase lavi moun. Asire yo kontakte premye sekouris san pèdi tan.

- **Avèti anplwaye yo:** Enfòmasyon anplwaye yo sou nenpòt entèripsyon oswa ijans, kit se pandan lè travay oswa aprè sa. Sa genyen ladan l enfòmasyon sou estati travay, pwochen etap ak enstriksyon sou sekirite. Ou kapab jwenn sistèm avètisman ak notifikasyon yo anba a.
- **Ijans ki pa tradisyonèl:** Pou ensidan tankou atak enfòmasyon, pwoblèm chèn apwovizyonman oswa ensidan nan zòn lokal, avèti estaf ki konsène yo, responsab ak patnè ki konsène yo pou yo ka kowòdone jefò pou fè entèvensyon.

Sistèm avètisman ak notifikasyon

Sistèm sa yo la pou avèti anplwaye yo pou yo pran mezi pwoteksyon (pa egzanp: evakye, deplase nanabri kont tònad, refij sou plas, oswa fèmen lokal la) epi pou bay yo enfòmasyon.

	Sistèm	Anplasman
Sistèm avètisman	Alam dife	
	Adrès piblik	
	Lòt (Dekri)	
Sistèm notifikasyon	Elektwonik	
	Estrikti apèl telefòn (Telephone call tree)	
	Lòt (Dekri)	

Mesaj avètisman ak notifikasyon

Itilize modèl sa a pou asire w ou pataje enfòmasyon ki klè epi konsistan lè gen yon ijans. Itilize sistèm detaye sou avètisman ak notifikasyon anlè a pou pataje mesaj ki parèt anba a.

Atansyon ak tout estaf epi kliyan, sa a se yon anons ijans.

Yo rapòte gen yon [Ekri ijans lan] nan [Ekri anplasman an]. Pou sekirite w, [Ekri aksyon ki apwopriye a: Evakye, al nan refij sou plas la, elatriye.] tousuit.

[Ekri enstriksyon adisyonèl].

Premye sekouris yo nan wout. Suiv tout enstriksyon estaf la ap ba ou yo epi ale nan [Zòn sekirite yo deziyen an]. Rete poze epi ede lòt yo si yo bezwen.

PLAN EVAKYASYON

Nan ka yon alam ijans sonnen, oswa yo bay enstriksyon pou evakyasyon, anplwaye yo dwe imedyatman sòti nan batiman an epi reyini nan **(Zòn Rasanbleman yo deziyen an)**.

- Yo afiche plan wout pou chape pandan evakyasyon ijans (gade Apendis A) nan **(Zòn yo deziyen atravè etablisman an)**.
- Anplwaye ki genyen difikilte pou deplase yo ap rankontre ak moun yo deziyen pou ede yo a nan **(Zòn yo deziyen an)** pou jwenn èd pou evakye batiman an an sekirite.
- Anplwaye yo ap dirije nenpòt kliyan ki tou pre yo nan direksyon sòti ijans ki pi pre a(yo) pandan y ap evakye etablisman an.
- **Pa kite okenn moun re-antre nan batiman an** aprè evakyasyon sof si premye sekouris yo ta otorize sa.

Y ap avèti anplwaye yo pou evakye batiman an ak sistèm ki pi ba a:	
Anplwaye yo dwe rasanble nan zòn sa a pou bay rapò aprè evakyasyon:	

Mete kat pou wout pou chape nan ka ijans

Mete kat pou zòn yo deziyen pou rasanbleman

Rapò sou anplwaye/vizitè aprè evakyasyon

Yon fwa yon evakyasyon fèt, **(Moun responsab la(yo))** ap konte chak anplwaye oswa vizitè ki te anba responsablite yo nan **(Zòn yo deziyen pou rasanbleman an)**. Chak anplwaye responsab pou rapòte bay **(Moun responsab la(yo))** ki apwopriye a pou yo ka konte yo byen . Y ap voye tout rapò sou anplwaye yo bay **(Responsab plan aksyon ijans)** san pèdi tan .

Moun ki pral pote lis anplwaye yo ak rejis vizitè yo nan zòn rasanbleman evakyasyon an pou konte tout moun ki evakye yo:	
--	--

REFIJ SOU PLAS

Nan kèk sitiyasyon ijans, tankou move tan ekstrèm, materyèl ki danjere ki fuite oswa dezòd sivil, li ka nesèsè pou pran refij sou plas. Lè li pi an sekirite pou rete andedan olye pou evakye, y ap anonse estati “refij sou plas” atravè Sistèm avètisman ak notifikasyon nou te mansyone deja a.

Tach Non / Kontak	Tach Non / Kontak
Chèf ekip:	
Moun ki pral siveye sous meteyo / nouvell pou jwenn dènye enstriksyon ijans ak avètisman piblik yo:	
Moun ki responsab pou asire zònabri a gen tout materyèl ijans ki nesèsè yo: 1. Kit premye swen 2. Flach ak pil pou flach 3. Lis kontak ijans 4. Radyo ki sèvi ak pil 5. Dlo ak ti goute ki pa ka gate N ap estoke founiti yo ansanm nan (sou plas /chanm/kabinè) . N ap pote pwovizyon yo nan (zònabri yo deziyen	

an) lè gen yon sitiyasyon kote moun dwe rete anndan.	
Moun ki responsab pou fèmen sistèm vantilasyon an, ak fèmen espas kote lè filtre:	
Moun ki responsab pou konte kantite moun yo epi ekri non/afilyasyon tout moun ki nan zòn refij la:	
Kontak ijans ou deziyen deyò batiman an:	

Kote pou refij sou plas ou deziyen an(yo):	
---	--

[Chwazi chanm enteryè a(yo) ki anwo premye etaj la, ki gen mwens fenèt oswa vantilasyon. Chanm nan ta dwe gen ase espas pou tout moun ka chita. Chwazi plizyè chanm si sa nesesè, pou evite twòp moun nan yon sèl chanm. Gwo klozèt depo, chanm sèvis, chanm ou estoke manje ak chanm kopi epi konferans ki pa gen fenèt deyò bon pou sa. Evite chwazi chanm ki gen materyèl mekanik, tankou vantilatè oswa tiyo, paske li ka difisil pou bare yo pa deyò. Li t ap pi bon pou gen yon telefòn ki konekte dirèkteman nan chanm ou chwazi a (yo). Rele kontak ijans yo epi kenbe telefòn nan disponib si ou bezwen rapòte yon sitiyasyon ki menase lavi.]

Pwosesis pou refij sou plas:

1. **Sekirize batiman an:** Tout anplwaye, kliyan ak vizitè yo ap deplase tousuit pou ale nan zòn refij ki anndan batiman an. Moun yo deziyen an ap bare tout fenèt, pòt ak vantilasyon epi mete plastik epi tep adezif sou yo.
2. **Rapò + Kontak ijans:** Moun yo deziyen an ap ekri non tout moun ki nan chanm nan epi avèti kontak ijans yo deziyen an ki deyò batiman an pou rapòte kiyès ki nan chanm nan ak afilyasyon yo (anplwaye, vizitè, kliyan, konsomatè). Anplwaye ak kliyan yo ta dwe kontakte kontak ijans yo pou fè yo konnen kote yo ye epi asire yo an sekirite.

3. **Kominikasyon:** Suiv enfòmasyon sou telefòn, radyo, televizyon ak entènèt pou w ka resewwa lòt enstriksyon otorite yo bay pou detèmine kilè moun ka sòti nan batiman an san danje.
4. **Apres evènman an:** Lè yo retire lòd pou rete anndan an, premye sekouris oswa otorite lokal yo ap bay sinyal ki di tout bagay anfòm nan. Anplwaye yo dwe suiv enstriksyon sou swa pou tounen nan zòn travay yo swa pou evakye batiman an si kondisyon yo toujou poko fin asire nèt .

SEKIRIZE PWOPRIYETE + MATERYÈL

Si li nesesè pou evakye lokal la, gen kèk atik ki ka bezwen sekirize pou evite plis danje pou etablisman an ak estaf ki sou plas la (tankou dokiman konfidansyèl oswa dosye enpòtan nou pa ka ranplase, oswa fèm ekipman pou anpeche materyèl danjere fuite). Se sèlman moun sa yo ki gen dwa rete nan batiman an pou kantite tan yo bay la pou sekirize byen ak materyèl yo te deziyen yo pou jere yo.

Non	Byen oswa materyèl pou sekirize	Ki kote byen ak materyèl la ye	Tan pwosesis sekirite a ka pran pou l fèt

Tout moun ki rete dèyè pou fèm sistèm kritik oswa sèvis piblik yo dwe kapab rekonèt kilè pou yo abandone operasyon an oswa tach la. Lè yo fin sekirize byen, materyèl; si sitiyoasyon an vin malouk pou kontinye travay, moun ki te rete dwe abandone tach yo epi sòti nan batiman an asi vit ke posib. Yo dwe wout pou chape ki rakousi, epi rankontre al lòt anplwaye. **(Zòn rasanbleman yo deziyen an).**

FÒMASYON

Fòmasyon anplwaye

Tout anplwaye yo ap resewwa enstriksyon sou Plan aksyon ijans sa a kòm yon pati nan oryantasyon pou nouvo anplwaye yo. Nou dwe bay fòmasyon siplemantè:

1. lè gen nenpòt chanjman nan plan an oswa nan etablisman an;

2. lè responsablite yon anplwaye chanje; epi
3. chak ane, kòm fòmasyon rafrechisman.

Egzèsis pou dife/Evakyasyon

Nou dwe fè egzèsis pou dife/evakyasyon omwen chak ane epi an kòdinasyon ak lapolis lokal ak depatman ponpye yo. N ap fè egzèsis siplemantè si gen chanjman nan pwopriyete fizik biznis la, si pwosesis yo chanje, oswa si yo konsidere li nesesè.

Dosye fòmasyon

(Moun responsab la) ap dokimante tout fòmasyon ki gen rapò ak plan sa a epi l ap kenbe dosye yo nan (Zòn yo deziyen an).

Plan evalyasyon

Se **(Moun responsab la) ki dwe revize chak ane plan aksyon ijans sa a, oswa selon bezwen si gen chanjman nan espas travay la.** Aprè chak egzèsis dife, **(Direksyon responsab la ak reprezantan anplwaye yo)** ap evalye efikasite egzèsis la ak tout feblès nan plan an, epi y ap mete yon plan amelyorasyon an aplikasyon.

2. Gid pou entèvansyon nan ijans

Paj ki vin apre yo ap bay enstriksyon espesifik sou ensidan pou danje / ensidan yo deziyen yo.

REMAK: Nou bay gid entèvansyon nan ijans kòm gid ak referans. Sekirite lavi se yon priyorite. Si pa gen anyen ankò, sonje – **rele pou sekou, evakye epi verifye tout anplwaye yo.**

MEDIKAL

1. **Rele sèvis medikal ijans:** Rele 911 imedyatman epi bay detay sa yo:
 - Kantite ak kote viktim nan (yo) ye
 - Kalite blesi oswa maladi
 - Danje ki enplike
 - Antre ki pi pre (pwen aksè ijans)
2. **Bay premye swen:** Si w kapab, bay moun ki blese yo premye swen. Ou kapab jwenn yon lis sou moun ki fòme epi founiti premye swen ki disponib anba la a.
3. **Dirije estaf ijans lan:** Si li an sekirite pou fè sa, asire yon moun rankontre ekip sèvis medikal ijans (EMS) lan epi montre yo kote viktim nan ye.

Pèsonèl ki resevwa fòmasyon pou bay Premye Swen, CPR, oswa itilize Defibrilatè ekstèn otomatik (AED)

Non	Fòmasyon

Gid sou anplasman materyèl medikal

Tip materyèl medikal	Anplasman Defibrilatè ekstèn otomatik (AED)

PEMA ofri fòmasyon nan CPR, Kanpe senyen, Menas aktif ak Jiskaske sekou rive. Pou plis enfòmasyon sou fòmasyon sa yo, ale sou [providenceri.gov/pema](https://www.providenceri.gov/pema).

Remak:

- Sèlman moun ki resevwa fòmasyon ki dwe bay premye swen.
- Pa deplase yon viktim sof si anplasman viktim menase.
- Kontakte OSHA oswa lòt antite regilarize

PATOJÈN KI KA TRANSMÈT NAN SAN

Nenpòt sitiyasyon oswa aksidan kote gen posiblite ekspozè ak san oswa likid kò yon moun.

Prekosyon:

Pran prekosyon inivèsèl nenpòt lè w ap reponn ak ensidan ki ka transmèt atravè san:

- Konsidere tout san, ak likid kòporèl ka gen maladi atrapan, mete materyèl pwoteksyon pèsònèl (gan, linèt protèj klè, elatriye) epi itilize yon “mas pòch - pocket mask” pou pwoteksyon lè w ap bay respirasyon sekou.
- Sèlman anplwaye ki te resevwa fòmasyon sou kijan pou byen itilize materyèl pwoteksyon pèsònèl ki dwe fè entèvansyon nan ensidan an.

Lè san oswa lòt materyèl ki ka enfekte bezwen netwaye:

1. Ou dwe toujou mete gan. Itilize materyèl pwoteksyon adisyonèl dapre ris ki devan w lan, sa vle di tabliye pwoteksyon, mas pou figi epi/oswa linèt.
2. Flite zòn ki kontamine yo byen ak yon solisyon dezenfektan ki fèt ak omwen yon kantite klowòks pou chak dis kantite dlo (1:10).
3. Pran nenpòt materyèl solid ki kontamine, asire pou w pa itilize men w pou w pran okenn objè ki tranchan, tankou vè. Itilize yon bale, pèl pou ranmase fatra oswa yon zouti ki sanble ak sa pou ranmase objè ki tranchan.
4. Netwaye zòn ki kontamine a ak yon sèvyèt papye imid ak dezenfektan.
5. Mete tout materyèl ki kontamine oswa materyèl netwayaj yo nan sak wouj danje biyolojik (Biohazard) ki nan kit la.
6. Ou dwe mete tout objè tranchan yo nan yon veso ki pa ka transpèse anvan w mete yo nan sachè a.
7. Netwaye epi dezenfekte nenpòt zouti oswa tout lòt objè ki pa jetab nou te itilize nan netwayaj la.
8. Retire materyèl pwoteksyon pèsònèl epi mete yo nan sachè wouj danje biyolojik (Biohazard).
9. Anbale sachè wouj la epi mare l epi remèt sachè wouj danje biyolojik la bay moun ki responsab la.
10. Lave men w ak figi w tousuit aprè ak savon.

Si ou ekspozé ak ajan patojèn ki ka transmèt nan san:

1. Lave tout pati kò w ki te ekspozé ak li imedyatman.
2. Notifye depatman jesyon an sou ensidan an.
3. Chèche asistans medikal ak suivi.
4. Dokimante rapò ensidan an.

MOVE TAN EKSTRÈM

Si gen yon menas move tan ki ekstrèm:

1. Suiv tan an. (Gade anba a definisyon sou gravite)
2. Kontakte depatman jesyon an.
3. Revize zòn an sekirite batiman an ak sipèvizè ansanm ak anplwaye yo. Zòn an sekirite yo dwe pwòch mi/kolòn sipò nan sant oswa dèyè batiman an epi lwen mi ki fèt an vit, antre ak fenèt ki fèt an vit. Pote valiz ki fèt pou ijans nan anplasman sa yo.

Anplasman zòn an sekirite #1:	
Anplasman zòn an sekirite #2:	

Si yo detekte move tan ekstrèm alantou batiman an:

1. Fè yon anons nan batiman an twa fwa. Egzanp: "**Tanpri, m ta renmen gen atansyon nou. Sèvis Meteyowolojik Nasyonal la bay yon avètisman move tan grav (tònad) pou zòn sa a. Tanpri, wete kò w bò fenèt yo epi deplase ale nan mitan oswa dèyè magazen an. Tanpri, rete la jiskaske yo bay siyal pou di tout bagay anfòm.**"
2. Tcheke tout zòn nan batiman an pou asire w tout moun te deplase ale nan yon zòn rasanbleman deziyen. Remak: Direksyon an pa gen otorite pou kenbe envite ak anplwaye ki vle kite batiman an pandan move tan grav oswa kondisyon tònad. Pa kadnase pòt sòti yo.

Pwoteje lajan/machandiz si li pa menase sekirite okenn moun:

1. Fèmen ak kadnase tout tèminal kès/bwat lajan yo.
2. Fèmen ak kle kòf lajan akbiwo kontwòl epi pòt pou ale nan biwo lajan/kontwòl la.
3. Etenn ponp yo ak bouton ijans pou fèmen yo.

Si gen nenpòt domaj sou byen kòm rezilta move tan ekstrèm nan:

1. Pa mete okenn vizitè oswa anplwaye an danje. Evakye batiman an nan ka kote ta gen yon danje potansyèl (pa egzanp fuit gaz, kab elektrik ki tonbe, domaj estriktirèl, elatriye). Gade Plan evakyasyon ki anwo a.
2. Si li an sekirite pou fè sa, enspekte domaj la. Rele yon enspektè batiman oswa konpayi asirans ou a pou asistans sou pwoblèm sa a. Pran an kont:
 - a. Domaj sou twati a
 - b. Domaj estriktirèl
 - c. Pèt machandiz/pwodui
3. Rele lis kontak ijans anplwaye yo si sa nesesè.

Si twati a koule:

- Kouvri pwodui, machandiz ak materyèl ak plastik.
- Mete poubèl vid anba kote k ap koule yo.
- Leve machandiz yo soti atè a pou mete yo omwen wotè yon palèt.
- Delimite zòn ki andomaje yo ak yon kòd.

Si gen dlo nan batiman an:

Asire pa gen okenn danje elektrik epi manje yo pa t kontamine. Evakye dlo deyò batiman an ak raklèt, bale, baleyè/bwòs netwayaj.

Dokimante tout ensidan / depans:

Asire w moun ki responsab nan lokal la anrejistre epi dokimante tout ensidan ak depans ki fèt kòm rezilta ijans lan.

Definisyon move tan ekstrèm:

Alèt tanpèt ivènal: Ris pou gen gwo kondisyon meteyowolojik ivènal epi ki danje pandan 48 èdtan.	Alèt pou tònad: Posiblite pou gwo loraj ak tònad nan zòn ki sou avètisman an epi zòn ki toupre li.
Alèt tanpèt ivènal: Kapab gen pil nèt lou, pou pi piti 6 inch nan 12 èdtan, pou pi pitit 8 inch nan 24 èdtan, oswa pou pi piti ½ inch akimilasyon glas.	Avètisman tònad: Ka gen yon tònad oswa li deja la. Pran refij tousuit.
Avètisman gwo fredi Van ki pa kanpe ka lakoz yon endis van frèt $\leq -20^{\circ}\text{F}$ or $\leq -25^{\circ}\text{F}$ (sa depann de kote a) pou omwen 3 èdtan.	Avètisman chalè: Ka gen Endis chalè pandan jounen an ant 95°F ak 99°F pou 2 èdtan oswa plis pandan 2 jou youn dèyè lòt, oswa 100°F ak 104°F pou 2 èdtan oswa plis nan yon sèl jou.
Avètisman tanpèt nèt: Ka gen van ki pa kanpe oswa rafal van ki vin souvan ki gen vitès omwen 35 mph, melanje ak yon bon kantite nèt k ap tonbe, oswa k ap soufle ki redui vizibilite souvan jiska mwens pase ¼ mile pandan 3 èdtan oswa plis. Kondisyon tanpèt nèt ta dwe kondisyon meteyowolojik ki plis parèt pandan peryòd sa a.	Avètisman inondasyon kotyè: Yo prevwa inondasyon modere oswa grav nan zòn kotyè ki ka domaje pwopriyete epi/oswa mete lavi moun an danje.
Avètisman inondasyon sibit: Yo prevwa, oswa sa ap fèt nan moman an, yon koule dlo wo rapid epi ki ekstrèm nan yon zòn ki nòmalman sèk, oswa yon ogmantasyon toudenkou nan nivo dlo yon rivyè oswa ti rivyè ki depase nivo inondasyon yo te fikse.	Avètisman vag tanpèt: Yo prevwa inondasyon ki menase lavi moun akòz dlo k ap monte soti bò lanmè pou antre sou tè a nan zòn yo espesifye a, an jeneral nan 36 èdtan k ap vini yo.

Avètisman tanpèt twopikal: Gen yon siklòn twopikal ki gen van ant 34 ak 63 kt (39 a 73 mph) oswa plis ki ka reprezante yon menas posib, an jeneral nan 48 èdtan k ap vini yo. Vag tanpèt, inondasyon kotyè, epi/oswa inondasyon rivyè ka akonpanye van sa yo.	Avètisman Tanpèt Twopikal: Yo bay avètisman tanpèt twopikal lè yo prevwa van ki pa kanpe ki soufle ant 34 ak 63 kt (39 a 73 mph) oswa plis, ki asosye ak yon siklòn twopikal, nan 36 èdtan oswa mwens. Van sa yo ka genyen vag tanpèt, inondasyon kotyè, epi/oswa inondasyon rivyè ki akonpanye yo.
Avètisman Siklòn: Yo bay avètisman lè gen yon siklòn twopikal ki gen van kontinyèl ki soufle a 74 mph (64 knots) oswa plis, ki ka reprezante yon menas posib pou yon zòn kotyè oswa andedan zòn tè, an jeneral nan 48 èdtan k ap vini yo. Van sa yo ka genyen vag tanpèt, inondasyon kotyè, epi/oswa inondasyon rivyè ki akonpanye yo. Yon avètisman siveyans montre gen posiblite pou gen siklòn, men li pa garanti yo ap rive.	Avètisman Siklòn: Yo prevwa van ki pa kanpe ki soufle a 74 mph (64 knots) oswa plis, ki asosye ak yon siklòn, ap afekte yon zòn kotyè oswa andedan zòn tè, nan 36 èdtan oswa mwens.

DIFE

Si yo rapòte yon dife, **rale alam dife a**, (si li disponib epi li poko aktive), pou avèti moun yo pou yo evakye. Apre sa, **Rele 911** pou avèti Depatman Ponpye a. **Bay** enfòmasyon sa yo:

- Non biznis ak adrès konplè li
- Nati dife a (pa egzanp: elektrik, grès, papye, chimik)
- Anplasan dife a (batiman ak etaj oswa)
- Tip alam dife (pa egzanp, detektè, bouton alam, dlo k ap sòti nan esprinklè)
- Anplasan dife a (batiman ak etaj oswa)
- Non ak nimewo moun ki rapòte dife a

Pwosesis

1. **Evakye:** Evakye moun ki nan batiman an, itilize wout evakyasyon yo pou rive sou zòn rasanbleman prensipal ki deyò yo.
2. **Re-dirije:** Re-dirije moun yo fè yo pran eskalye epi fè yo sòti lwen dife.
3. **Entèdi:** Entèdi yo itilize asansè.
4. **Konte tout anplwaye:** Konte tout anplwaye ak vizitè nan zòn rasanbleman an.
5. **Rankontre depatman ponpye a:** Fè depatman ponpye a konnen si nou te konte tout moun epi si gen moun blese . Bay yon mizajou sou nati ijans lan ak aksyon ki pran yo. Bay plan etaj batiman, kle ak lòt èd ki nesesè.

Remak:

- N ap rapòte tout dife ak lòt sitiyasyon ijans pi vit posib atravè youn nan mwayen sa yo:
 - vèbalman, pi vit posib pandan lè travay nòmal yo; oswa
 - telefòn, apre lè travay nòmal oswa nan wikenn
- Nan okenn sikonstans, okenn anplwaye pa dwe eseye konbat dife a si li pa ka etèn ak yon aparèy ki apwopriye pou etenn dife, ni pa dwe eseye antre nan yon batiman ki gen dife pou fè rechèch oswa pote sekou. .

Anplasman ekstenktè

Anplasman

Sistèm pwoteksyon dife

Dokimante sistèm pwoteksyon kont dife a ki gen ladann tip sistèm, anplasman, zòn oswa materyèl danjere yo pwoteje yo ak enstriksyon. Si w pa sèten, kontakte moun ki lwe w batiman an oswa mèt batiman an.

Tip sistèm	Anplasman	Pwen aksè / Enstriksyon
Sistèm esprinklè (Sprinkler)	Valv kontwòl	
	Valv kontwòl	
	Valv kontwòl	
Ponp dife		
Sistèm ekstenktè		

Mete yon kat sou zouti ak sistèm pou pwoteksyon kont dife

VYOLANS NAN TRAVAY

Si gen yon atak vyolans oswa yon fiziyad:

- **Rele 911.**
- Swiv prensip **kouri, kache oswa goumen (run, hide or fight)**. Si w ka fè sa an sekirite, evakye zòn nan. Pa fè anyen ki ka mete sekirite ou oswa sekirite lòt moun an danje.
- Suiv avèk presizyon deskripsyon fizik agresè a, enkli nenpòt karakteristik ki ka fè yo rekonèt li.
- **Kominike lè w an sekirite pou fè sa:**
 - Itilize mesaj tèks oswa lòt metòd kominikasyon silans pou bay otorite yo enfòmasyon.
 - Si w kwense oswa pa kapab kite yon kote ki an sekirite, pataje kote w ye ak premye sekouris yo.
- **Suiv enstriksyon Otorite yo :** Lè otorite yo rive, suiv enstriksyon yo bay ak presizyon.
 - Kite men w vizib epi evite fè mouvman sibit.

Si yo deklare yon konfinman (lockdown):

Gade Plan aksyon ijans.

Aprè ensidan an

- Tann siyal otorite yo oswa pèsònèl ijans yo bay pou klarifye tout bagay anfòm avan ou sòti nan zòn refij la.
- Tcheke byennèt tout anplwaye ak kliyan yo. Bay premye swen si gen bezwen.
- Kòpere ak otorite yo pandan investigasyon yo a epi asire suivi ki apwopriye, tankou bay èd sikolojik oswa sipò pou moun sa afekte yo.

VÒL

Si w temwen krim nan, deplase ale nan yon kote ki an sekirite. Si w kapab, ede moun ki gen bezwen aksè ansanm ak moun ki gen bezwen fonksyonèl pou yo kapab ale nan yon kote ki an sekirite tou.

Lè vòlè a Kite espas La:

1. Pa pousuiv vòlè a.
2. Deskri sa vòlè a sanble, mak, nimewo ak plak machin li.
3. **Rele 911.**
4. Rele kontak ijans ou yo tou.
5. Dokimante ensidan an epi ranpli yon rapò pou lapolis.

Pa deranje sèn krim nan:

Asire w zòn nan sekirize pou anpeche nenpòt moun antre sou sèn krim nan oswa zòn alantou sèn nan.

KONTAMINASYON PWODUI

Evalye sityasyon an:

- Detèmine...
 - Dimansyon kontaminasyon an
 - nesesite pou enplike ajans piblik yo.
- Si w sispèk yon epidemi maladi ki soti nan manje, sispann vann manje ki ka kontamine yo tousuit epi rele 911 oswa notifye Komisyon Sante Piblik la san pèdi tan.
- Si w sispèk gen manipilasyon entansyonèl sou pwodwi, kontakte lapolis epi pwoteje tout prèv posib yo.

Pran mezi pou limite ekspozisyon:

- Retire pwodwi a si sa nesesè.
- Detèmine...
 - si ap gen yon anons piblik
 - nesesite pou yo mande retounen pwodwi yo

Dokimante tout ensidan / depans yo:

Asire ou anrejistre epi dokimante tout ensidan/depans ki rive ak fèt kòm yon rezilta ijans lan.

INONDASYON

Si gen yon menas pou inondasyon:

1. Siveye tan an.
2. Kontakte lis kontak ijans anplwaye yo si sa nesesè.
3. Prepare w pou leve tout machandiz, bagay ki gen valè, materyèl mekanik, ak elektwonik pou mete yo omwen nan nivo 12-inches anlè atè a (ou ka itilize palèt).
4. Konnen kijan pou w fèmen sèvis piblik ou yo.

Avètisman siveyans inondasyon: Gen posiblite pou gen inondasyon. Ret branche radyo NOAA. Prepare w pou evakye. Branche estasyon radyo ak televizyon lokal pou enfòmasyon adisyonèl.

Avètisman inondasyon: Gen inondasyon k ap fèt deja oswa ki pral fèt byento. Pran prekosyon tousuit. Prepare w pou w ale nan nivo tè ki pi wo. Si yo konseye w fè sa, evaky san pèdi tan

Si yo detekte inondasyon nan o zalantou magazen an:

1. Kòmanse operasyon mete sak sab yo.
2. Revize pwosesis kontaminasyon dlo a.
3. Asire w yo leve tout machandiz, bagay ki gen valè, ak materyèl mekanik yo, mete yo anlè .
4. Fèmen sous kouran an nan panèl prensipal distribisyon an. Lè magazen an pare pou evakyasyon, fèmen jeneratris ijans lan (si sa aplikab). Asire w yo dekonekte aparèy yo pou evite elektwokisyon lè kouran retounen.
5. Sekirize istansil, materyèl, dra, anbalaj ak atik pou itilize yon sèl fwa pou evite kontak/oswa kontaminasyon pandan inondasyon.

Evakye magazen an si sekirite kliyan ak anplwaye yo menase, epi/oswa si yo bay lòd pou evakye:

Gade Plan evakyasyon ki anwo a.

Pwoteje lajan/machandiz si li pa menase sekirite okenn moun:

1. Fèmen ak kadnase tout tèmininal kès/bwat lajan yo.
2. Fèmen ak kle kòf lajan ak biwo kontwòl epi pòt pou ale nan biwo lajan/kontwòl .

Aprè dlo inondasyon an fin bese:

1. Dokimante tout domaj yo epi rele konpayi asirans ou an pou rapòte yo.
2. Antre nan magazen an ak prekosyon. Asire w se pèsònèl ki apwopriye ki antre nan

etablisman an avèk prekosyon.

3. Depatman Enstalasyon/Mentnans ap verifye sèvis elektrik la anvan yo pase kouran an.
4. Kontakte depatman lokal batiman an ak lòt ajans ki apwopriye pou detèmine si estrikti batiman an an sekirite epi si yo apwouve pou moun rete ladann.
5. Fè netwayaj jeneral pandan w ap asire sante ak sekirite travayè yo. Netwaye epi dezenfekte materyèl ak istansil yo.
6. Klasifye manje, ekipman, materyèl, dra, ak atik pou itilize yon sèl fwa an kategori ki ka sove ak sa ki pa ka sove pi vit posib.
7. Jete atik ki pa ka sove yo jan sa dwe fèt.

Gid pou netwayaj:

- Ou dwe detwi epi jete tout ekipman manje, istansil, dra, ak atik pou itilize yon sèl fwa ki andomaje jan sa dwe fèt.
- Ou dwe retire epi ranplase mi, atè a, mèb, kapèt, istansil, ak ekipman ki andomaje epi ki pa ka sove jan sa nesèsè.
- Ou dwe netwaye ak savon ak dlo, rense, epi dezenfekte mi, atè a, ak sifas ekipman ki afekte yo. Ou ta dwe retire oswa netwaye kapèt yo ak vapè.
- Retire materyèl ki mouye yo. Jete tout materyèl ou pa ka byen netwaye ak dezenfekte.
- Retire tout ma dlo.
- Netwaye epi dezenfekte tout istansil ak ekipman ki nan zòn sa afekte yo.
- Sèvi ak yon solisyon detèjan pou netwaye atè a, materyèl, ak lòt zòn sa afekte yo, epi rense ak dlo pwòp aprè.
- Dezenfekte atè a ak tout lòt zòn sa afekte, pou w fè sa w ap itilize yon solisyon dezenfektan ak dlo pwòp (8 oz. Klowòks pou chak 5 galon dlo = 500 pati pa milyon solisyon klò).
- Seche zòn sa afekte a ak lè natirèl.
- Lave oswa jete tèt mop ak lòt zouti netwayaj ki te an kontak ak dlo inondasyon.
- Mezi altènatif: Anboche yon sèvis netwayaj ki gen eksperyans nan netwaye etablisman manje ki ekspozè ak inondasyon.
- Manje kontamine, dra ak atik pou itilize yon sèl fwa
- Jete tout manje (anbalaj oswa san anbalaj) ki te an kontak ak dlo inondasyon.
- Lave tout dra oswa inifòm ki te an kontak ak dlo inondasyon.
 - Lave yo pou kont yo san mele yo aklòt dra yo.
 - Itilize klowòks.
 - Sèvi ak yon machin pou seche.
 - Jete tout atik pou itilize yon sèl fwa ki te an kontak ak dlo inondasyon.

Dokimante tout ensidan / depans:

Asire ou anrejistre epi dokimante tout ensidan/depans ki rive ak fèt kòm yon rezilta ijans lan.

Ale sou Ready.gov Business - [Bwat zouti sou inondasyon sou tè \(FLASH Inland Flooding Toolkit\)](#) pou enfòmasyon adisyonèl.

Evalyasyon jeneral pou rekiperasyon aprè inondasyon:

Dlo inondasyon ka pote sab, egou kri, lwil oswa dechè chimik ki ka lakoz manje ki andomaje vin danjere pou konsomasyon si anbalaj yo kontamine. Jete tout manje oswa materyèl anbalaj manje ki te an kontak ak dlo inondasyon. Se kèk manje oswa bwason ou ka sove aprè yo fin ekspoze ak dlo inondasyon. Ou dwe detwi manje ki nan anbalaj mou oswa ki gen kouvèti ki vire. Nan kèk ka, ou ka sove manje nan bwat metal oswa nan resipyan plastik ki di. Menm konsa, eta bwat la se yon lòt faktè limitasyon. Prezans wouy, tè, oswa etikèt ki detwi ka anpeche rekiperasyon.

Dlo inondasyon ka fè manje vin danjere pou konsomasyon, sitou si anbalaj yo kontamine. **Jete** manje sa yo si dlo te kouvri yo, dlo te tonbe sou yo, degoute sou yo, oswa si dlo te antre nan anbalaj la:

- Bwason ki gen alkòl: Gade RIDOH pou enstriksyon detaye yo. Nan kèk ka, kanèt oswa boutèy vid moun ka pote tounen yo ka sove akòz valè depo yo.
- Manje ki ekspoze, manje an gwo, pwodui frèch, vyann, volay, pwason ak ze.
- Nenpòt manje ki nan anbalaj an papye, plastik, twal oswa fib.
- Bwat katon, menm si sa ki ladann yo parèt sèk, tankou sereyal, espageti/makawoni, diri, sèl.
- Manje ki gen kouvèti an katon, tankou mayonèz ak sòs salad, oswa anbalaj papye aliminyòm oswa selofàn.
- Manje nan bokal an vè, pami yo bokal ki pa louveri ki gen kouvèti papye sire, papye aliminyòm, selofàn oswa twal.
- Manje, likid oswa bwason nan boutèy ak bouchon kouwòn, oswa nan resipyan ki gen kouvèti pou rale, bouchon lyèj oswa kouvèti ak vis.
- Tout resipyan ak pake ki deja ouvri; manje ki nan sachè oswa bokit.
- Kanèt ki gen mak frappe, ki koule, ki gonfle oswa ki wouye.
- Kanèt yo te jete epi ki lwen kote yo te konn estoke yo nòmalman (gen posibilite pou gen ti twou oswa fann nan kote yo soude yo).
- Ou pa ka vann okenn kanèt si yo pa gen tout enfòmasyon etikèt ki obligatwa yo. Kidonk, ou dwe jete tout bwat ki gen etikèt ki andomaje.

Machandiz Rekipere – Re-mete yo an kondisyon

Kontakte otorite regilasyon leta pou plis konsèy.

Evalyasyon jeneral pou rekiperasyon aprè inondasyon

- Deplase yo nan yon zòn estokaj manje yo mete nan kategori manje ki pa bon, ki lwen kote yo prepare manje ak estoke materyèl, epi mete yo an sekirite nan resipyan fatra ki kouvri oswa lòt zòn izole pou anpeche yo sèvi piblik la oswa kontaminasyon aksidantèl nan etablisman an ak lòt manje.

- Si w dwe konsève manje a jiskaske distribitè a ka bay etablisman an kredi, li dwe gen etikèt klè ki di “pa pou vann (not for sale)” epi mete l nan yon kote ki refrijere epi ki separe ak lòt manje yo, epi kenbe l pou kredi.
- Manje refrijere w jete yo, yon founisè oswa distribitè manje ka anrejistre yo.
- Etablisman an ta dwe dokimante kalite ak kantite manje, pri yo, ak rezon pou jete yo pou rezon asirans ak regilasyon.
- Ti kantite manje w dwe jete yo, ou ka detwi ak yon pwodwi netwayaj (tankou klowòks) epi mete yo nan yon resipyan fatra ki kouvri deyò etablisman an.
- Ou ta dwe estoke gwo kantite manje yo nan resipyan fatra ki kouvri, mete yo yon kote ki an sekirite, epi yon konpayi jete fatra dwe jete yo pi vit posib.
- Ou dwe jete tout dechè manje yo selon regleman jete fatra leta ak lokal yo, nan yon depo fatra ki gen lisans.
- Ou ta dwe kontakte depo fatra lokal yo anvan livrezon manje ki soti bò kote yon moun prive oswa yon transpòtè pou asire yo aksepte fatra a.

GAZOLIN/PWODUI CHIMIK KI TONBE

Nan ka kote yon gaz ta tonbe: Gazolin

1. Detèmine nan limit gaz la ki tonbe a grav.
2. Si w detèmine gaz la ki tonbe grav, rele 911.
3. Lokalize epi fèmen ponp gaz yo ak bouton ijans pou fèmen yo.
4. Si l an sekirite pou fè sa, kontwole gaz la ki tonbe a epi redui chans pou gaz la gaye. Itilize kouvèti, zorye ak chosèt pou kontwole gaz la. Sekirize zòn kote gaz la tonbe a pou anpeche kontaminasyon epi priorize sekirite.
5. Kontakte founisè ki espesyalize nan netwaye pwodui ki tonbe pou ede w retire/netwaye fatra danjere.
 - a. Founisè espesyalize nan netwaye pwodui ki tonbe
6. Kontakte konpayi pou ranje ponp gaz ou yo. Konpayi pou ranje ponp gaz
7. Kontakte depatman jesyon magazen an.
8. Si pwodui ki tonbe a antre nan anviwònman an, kontakte:

Depatman ponpye Providence: 9-1-1

Depatman Jesyon Anviwònman (Department of Environmental Management -DEM)nan RI – (401) 222-4700

9. Toujou mete materyèl pou pwoteksyon pèsònèl (PPE) lè w ap netwaye nenpòt pwodui chimik ki tonbe.

Nan ka kote yon pwodui chimik ta tonbe: Luil, antijèl, penti, klowòks, elatriye.

1. Kontwole pwodui a imedyatman.
2. Evalye pwodui ki tonbe a, vantile zòn nan, sekirize zòn nan, kite bagay ki fè dife yo lwen.

3. Netwaye pwodui ki tonbe a.
 - a. Si pwodui ki tonbe a twòp pou netwaye, kontakte yon kontraktè espesyalize nan netwaye fatra toksik.
 - b. Mete materyèl pwoteksyon pèsònèl (gan, linèt, soulye pwoteksyon).
 - c. Absòbe likid la epi fè li vin solid ak “oil dry” oswa lòt materyèl absòban ki disponib. Kòmanse nan arebò yo pou rive nan mitan.
 - i. **Ki fèt ak dlo** (Penti latèks, antijèl, klowòks, pwodui chimik pou kay)
 - ii. **Asid:** Ou dwe netralize l ak bikabonat
 - iii. **Ki fèt ak luil** (Gaz pou kan, penti emaye, dilyan/sòlvan, aditif gaz/dizèl) **pa janm itilize dlo pou netwaye yon pwodui ki fèt ak luil; sèvi sèlman ak materyèl absòban ki sèk*
4. Mete materyèl ki absòbe yo avèk prekosyon nan veso jetab (double sachè a oswa itilize yon bokit ki gen kouvèti).
5. Jete materyèl ak machandiz ki mouye yo. Fwote kote ki sal yo ak kwen/fann yo.
 - a. Jete fatra ou bale yo, materyèl pou netwaye, bale, gan, soulye pou pwoteksyon. Chanje rad epi lave yo ak detèjan.

Si w kole ak yo pa aksidan:

Je: Lave yo ak dlo pandan 15 minit. Chèche atansyon medikal san pran tan.

Po: Lave l nèt ak savon ak dlo. Gade etikèt pwodui a pou plis enstriksyon.

Rad: Retire rad ki kontamine epi lave po a nèt ak savon ak dlo.

Gade etikèt pwodui a pou plis enstriksyon.

Si w gen dout sou nati materyèl la, chèche atansyon medikal imedyatman.

REMAK: Si w al chèche atansyon medikal, pote etikèt bwat la bay doktè a.

Dokimante tout ensidan / depans:

Asire ou anrejistre epi dokimante tout ensidan/depans ki rive ak fèt kòm yon rezilta ijans lan.

FUIT GAZ NATIRÈL / PWOPÀN

Evalye sitiyasyon an:

1. Si w pran sant gaz (sant ze pouri) oswa tandè yon sifleman, ou mèt asime gen yon fuit. Pa itilize entèripte elektrik, aparèy elektrik oswa flanm dife paske yo ka deklannche gaz la.
2. Evakye zòn nan imedyatman si fuit la vin grav oswa gaye anndan an. Ede sa ki gen bezwen nan kesyon aksè ak fonksyon. **Gade Plan evakyasyon ki anlè a pou enfòmasyon sou anons yo.**
3. **Rele 911.**
4. Enfòmè anplwaye, lokatè oswa kliyan yo sou sitiyasyon ak mezi pou sekirite. Konsidere

notifikasyon piblik si fuit la vin tounen yon menas pi grav.

5. Suiv enstriksyon premye sekouris yo pou konnen si pou w re-antrè oswa pran lòt prekosyon.

Pran etap pou limite ekspozisyon (si li an sekirite pou fè sa):

- **Fèmen sous gaz la** nan valv prensipal la si li an sekirite pou fè sa.
- **Vantile zòn nan.** Pou sa, ouvè pòt ak fenèt yo si deyò a an sekirite.
- Avèti lòt moun nan vwazinaj la epi anpeche sous ki ka deklanche dife (fimen, flanm dife oswa aparèy elektrik).
- Kontakte founisè ki bay sèvis gaz la pou rapòte fuit la.

Dokimante tout ensidan / depans:

Asire ou anrejistre epi dokimante tout ensidan/depans ki rive ak fèt kòm yon rezilta ijans lan.

SIBSTANS KI SISPÈK (PAKÈ/ LÈT)

Pa pran sant, manyen , ni deplase sibstans ki sispèk (pakè/lèt).

Pa chanje anviwònman an, ni limyè yo.

Detèmine si gen yon menas ki klè, menas oswa ris potansyèl pou moun oswa anviwònman an.

Menas ou resewa pa telefòn, lapòs, elatriye, ki ka montre gen yon sibstans danjere yo mete nan batiman an tout ekspès epi/oswa sou yon pwodui.

Si w pa ka idantifye vrè sous sibstans lan oswa si menas la egziste vre:

1. Rele 911.
2. Si li an sekirite pou fè sa, sekirize zòn ki alantou sibstans epi oswa pwodui sispèk la.
3. Evakye zòn nan. Gade Plan evakyasyon ki anwo a.
4. Detèmine limit danje a.
 - a. Dokimante tout enfòmasyon sou sibstans sispèk la.
 - b. Si li an sekirite pou fè sa, fè investigasyon sou vrè sous sibstans lan (farin, bikabonat, poud detal, elatriye).
 - c. Bay otorite yo yon lis sou tout moun, espas ak bagay ki te ekspozè yo.
5. Detèmine epi idantifye ki te ka antre an kontak ak sibstans lan.
 - a. Yo ta dwe mete moun ki te ekspozè yo yon kote ki lwen lòt moun.
 - b. Suiv enstriksyon dekontaminasyon sou sèvis entèvansyon pou sekirite piblik.
6. Detèmine si gen bezwen pou lanse yon rapèl sou pwodui a.
7. Detèmine ki enfòmasyon w ap bay piblik la, an kowòdinasyon ak sekirite piblik.
8. Kontak (idantifye davans) ekspè sou sijè a/ Pwen kontak (non, tit, ninewo telefòn)
 - a. _____
 - b. _____
 - c. _____

Si yo detèmine sibstans lan pa danjere:

1. Pran mezi ki apwopriye pou retire epi netwaye zòn/pwodui a te afekte.
2. Kominike sa w jwenn ak kliyan ak anplwaye ki te ka afekte yo.

Dokimante tout ensidan / depans:

Asire ou anrejistre epi dokimante tout ensidan/depans ki rive ak fèt kòm yon rezilta ijans lan.

TWOUB CIVIL

Fèmen etablisman an si otorite Distri/Rejyon/Kòporasyon/Sivil yo ba w lòd pou sa:

1. Evakye tout envite ak anplwaye ki pa esansyèl pou sipèvize fèmen an. Gade Plan Evakyasyon ki anwo a.
2. Pwoteje lajan ak machandiz yo.
3. Sekirize magazen an.

Pwoteje lajan/machandiz si li pa menase sekirite okenn moun:

1. Fèmen ak kadnase tout tèminal kès/bwat lajan yo.
2. Fèmen ak kle kòf lajan/biwo kontwòl epi pòt pou ale nan biwo lajan/kontwòl la.

Sekirize magazen an pou dezòd sivil:

1. Limen tout limyè nan paking nan epi etenn tout limyè andedan batiman an. Si gen kamera ki disponib, asire yo ap anrejistre.
2. Mete an aplikasyon pwosedi pou mete barikad jan yo endike pou fè sa.
3. Sekirize tout ouvèti ki nan perimèt la:
 - a. Pòt pou kanpe dife
 - b. Ouvèti sou do kay
 - c. Pòt waf
4. Rasanble tout aparèy pou etèn dife yo epi mete yo toupre chak antre.
5. Tcheke kote flach yo ye epi mete nouvo pil ladan yo.
6. Aktive tout alam magazen an.
7. Asire w tout tiyo pou esprinklè yo bloke nan pozisyon "ouvè - open".
8. Retire palèt papye ak lòt materyèl ki ka pran dife ki ozalantou deyò batiman an.

Dokimante tout ensidan / depans:

Asire ou anrejistre epi dokimante tout ensidan/depans ki rive ak fèt kòm yon rezilta ijans lan.

MENAS BONMTHREAT

Reyaji rapid epi poze lè gen menas bonm:

1. .
2. Rele 911.
3. Itilize fòmilè pou rapòte ensidan an epi ekri tout enfòmasyon yo.
4. Etenn tout materyèl elektwonik sa yo (tankou):
 - a. Sistèm bipè (Beeper)/pajè (Pager)
 - b. Sistèm pou voye alèt ijans (Emergency Alert System, EAS) (Pa egzanp, sistèm pou voye notifikasyon an mas, sistèm adrès piblik (public address, PA), sistèm pou voye mesaj tèks an ijans)
 - c. Radyo kominikasyon de sans
 - d. Telefòn selilè
 - e. Sistèm frekans radyo
5. Kontakte lis kontak ijans anplwaye yo si sa nesesè.

REMAK:

Rechèch la ap fèt an kòdinasyon ak depatman lapolis. Pa kòmanse rechèch sa a pou kont ou. Otorite sivil yo ka mande w pou ede yo tou nan kad rechèch la.

Evakye batiman an si:

- Yo te jwenn nan batiman an yon aparèy sispèk ki ka eksploze.
- Otorite lokal yo te pase lòd pou evakye.
- Yo te resevwa yon dezyèm menas bonm, nan lè moun ki te rele a te espesifye epi yo poko fini ak rechèch la.
- Sekirite vizitè ak anplwaye yo menase.

Gade Plan Evakyasyon ki anwo a. Plis Gade Lis Verifikasyon Menas Bonm nan nan Apendis D.

BLAKAWOUT

Nan ka kote ta gen yon blakawout:

1. Distribiye flach ak pil bay mezi moun.
2. Tcheke pou wè si okenn vizitè oswa anplwaye pa kwense nan zòn posib, menm asansè yo.
3. Detèmine si w ap bezwen evakye batiman an (gade Plan evakyasyon an).
4. Kontakte lis kontak ijans anplwaye yo si sa nesesè.

Si blakawout la afekte anplasman batiman an ansanm ak zòn alantou yo nan kominote w la:

- Mande konpayi kouran an kilè yo panse y ap retabli sèvis kouran an.
- Fèmen tout materyèl ak konpresè ki kapab andomaje lè yo rebay kouran an.
- Kouvri tout bagay refrijere ki ka gate epi kite pòt chanm fwad/frizè yo fèmen.

Si blakawout la afekte batiman w lan sèlman:

- Fè yon enspeksyon batiman an pou detèmine a klè tout rezon ki ka lakoz blakawout la.
- Fèmen tout materyèl ak konpresè ki kapab andomaje lè yo re-bay kouran an.
- Kouvri tout bagay refrijere ki ka gate epi kite pòt chanm fwad/frizè yo fèmen.
- Rele konpayi kouran lokal ou a pou restore kouran an.

Dokimante tout ensidan / depans:

Asire ou anrejistre epi dokimante tout ensidan/depans ki rive ak fèt kòm yon rezilta ijans lan.

KONTAMINASYON DLO / ÒDONANS POU BOUYI DLO

Si yo te enfòmè w dlo a kontamine oswa si depatman dlo lokal la oswa minisipalite a te deklare yon avètisman pou bouyi dlo:

Rele depatman jesyon epi kontakte lis kontak ijans anplwaye yo si sa nesesè.

Glas ak bwason

- Fèmen tout machin ki bay bwason gazez, glas, dlo pou bwè, vapè, elatriye.
- Detwi tout glas ki nan bwat estokaj yo. Sèvi sèlman ak glas konpayi komèsyal fè.
- Fèmen machin kafe, machin te, ak fontèn dlo pou bwè yo.
- Preparasyon ak Kuit Manje
- Jete tout manje tou pare yo te prepare ak dlo anvan yo te dekouvri kontaminasyon an.
- Sèvi ak pwodui ki deja lave oswa lave yo ak dlo bouyi oswa dlo boutèy.
- Prepare manje ki pare pou manje ak dlo boutèy komèsyal oswa dlo bouyi*.
- Sèvi ak dlo boutèy ki an sekirite oswa dlo ki sòti nan yon sous piblik yo apwouve pou kuit manje.

Lave men

- Sèvi ak dlo boutèy chofe, dlo bouyi, oswa dlo ki sòti nan yon sous piblik yo apwouve epi ki an sekirite.
- Oswa, sèvi ak dlo tiyo epi itilize dezenfektan pou men aprè sa.
- Asire ou yo itilize gan lè y ap manyen manje ki pare pou manje.

Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Sèvi ak sistèm ki egziste deja. Asire w konsantrasyon dezenfektan yo kòrèk.

Aprè Kontaminasyon / Bouyi Dlo:

- Rense tiyo, machin kafe, fontèn dlo pou bwè, ak machin bwason pou omwen 5 minit.
- Netwaye epi dezenfekte ekipman kafe ak bwason selon enstriksyon manifakti a.
- Si ekipman an gen filtè entèn, yo ta dwe ranplase yo.

Machin glas:

- Rense liy dlo ki mennen nan antre machin glas la.
- Fèmen valv ki sou liy dlo ki dèyè machin nan epi dekonekte liy dlo a nan antre machin nan.
- Rekonekte liy dlo a nan antre machin nan.
- Ouvè valv la.
- Rense liy dlo yo anndan machin nan.
- Fè glas pandan yon èdtan epi jete glas la.

Bouyi dlo

1. Mete dlo nan yon chodyè/oswa resipyan ki pwòp e ki dezenfekte.
2. Sèvi ak recho pou bouyi dlo.
3. Kontinye bouyi dlo a pou pi pit senk (5) minit.
4. Apre senk (5) minit, si sa nesesè, kite dlo a rafredi avan w mete li nan yon lòt resipyan ki dezenfekte.

TIYO DLO KI PETE

Nan ka kote tiyo dlo kase:

1. Detèmine si tiyo dlo a fè pati sistèm dlo pou kay la, oswa sistèm eskprinklè dife a.
 - a. Yo souvan make tiyo esprinklè dife yo “Fire Protection - Pwoteksyon dife” oswa “Sprinkler System - Sistèm esprinklè” ak lèt **wouj** oswa blan.
 - b. Yo kapad make tiyo dlo pou kay “Portable Water - Dlo potab” oswa gen mak **ble/vèt**.
2. Lokalize epi fèmen valv k ap kontwole sous dlo a pou mennen nan prensipal la.
3. Kontakte konpayi dlo w la pou asistans si w konekte ak yon sistèm dlo minisipal.
 - Bay detay sou ki kalite tiyo dlo pete a.
 - Asire w ou enfòmè si w fèmen esprinklè dife prensipal la.

4. Etèn kouran nan espas afekte a imedyatman nan brekè sikwi a, si li an sekirite pou fè sa. Pa antre nan dlo si priz elektrik, aparèy oswa kab ka anba dlo.
5. Kontakte lis kontak ijans anplwaye yo si sa nesesè.

Yon fwa ou fèmen sous prensipal dlo a:

1. Netwaye dlo a.
 1. Fè atansyon ak ris elektrik.
2. Mete machandiz yo anlè sou etaj pou anpeche domaj ki gen rapò ak dlo.
3. Evakye dlo deyò batiman an oswa nan tou ego. Itilize raklèt, bale, baleyè ak bwòs netwayaj.
4. Avèti moun ou lwe batiman an oswa pwòp elektrisyen pa w pou enspekte/restore kouran.

Dokimante tout ensidan / depans:

Asire ou anrejistre epi dokimante tout ensidan/depans ki rive ak fèt kòm yon rezilta ijans lan.

PÀN REFRIJERASYON / SEKIRITE MANJE

Si sistèm frijidè oswa sistèm kenbe manje cho a pa fonksyone:

1. Eseye jwenn sous pàn nan.
2. Avèti anplwaye nan seksyon an.
3. Sispann vann pwodwi sa afekte yo.
4. Izole zòn ki afekte yo ak baryè oswa siy avètisman.
5. Kòmanse pwosesis siveyans tanperati a.
6. Kontakte founisè sèvis ki apwopriye a.
7. Kontakte lis kontak ijans anplwaye yo si sa nesesè.
8. Kòmanse swiv etap ki anba yo jiskaske tanperati yo retounen nan nivo nòmal yo.

Sa ou ta dwe fè si gen yon avètisman pou yon pàn:

Pran mezi pou kenbe manje cho cho epi manje frèt frèt. Mete frijidè ak frizè yosou nivo ki pi frèt la. Lè kouran an koupe, ou dwe note lè sa fèt.

Sa ou ta dwe fè lè kouran an koupe:

Objektif la se pou kenbe manje cho pi wo pase 135°F epi manje frèt pi ba pase 40°F pou pi lontan posib, epi siveye tanperati a pou ka wè lè manje a pa bon pou manje.

Manje cho

- Pa mete manje cho nan frijidè oswa frizè.
- Sèvi ak “chalè nan kanèt” anba manje sou tab vapè elektrik pou ede kenbe yon tanperati

minimòm 135°F.

Manje frèt

- Kenbe pòt frijidè ak frizè yo fèmen pi lontan posib.
- Si sa posib, mete pake manje frèt yo ansanm pou diminye kantite chalè yo pran.
- Kouvri etajè frijidè ak frizè ki ouvè yo, espesyalman ekspozisyon ki vètikal yo

Atansyon: Itilizasyon glas sèk pou refwadi manje ka lakòz danje akimilasyon gaz kabonik (CO2).

-
- Maintain safe food temperatures.

Pa prepare manje si ou pa kapab:

- Byen lave, rensè, epi dezenfekte istansil.
- Fè sistèm vantilasyon kapo kuizin ak sistèm lè ranplasman an fonksyone (Gaz toksik ka lakòz blesi oswa lanmò).
- Mete ase limyè nan zòn kote w ap prepare manje yo yon fason pou pèmèt preparasyon manje, netwayaj, ak dezenfeksyon an sekirite.
- Gen ase aksè ak dlo cho oswa presyon dlo.
- Kenbe tanperati manje yo an sekirite.

Sa ou ta dwe fè lè kouran an retounen:

- Tcheke tanperati entèn manje a.
- Separe pake manje yo nan frijidè ak frizè pou ede yo refwadi pi vit, si sa posib.
- Jete manje ki ka danjere si li te nan zòn tanperati danjere a.

Detèmine si manje ki ka danjere an sekirite:

Manje cho

- Si blakawout la dire 2 èdtan oswa mwens epi tanperati manje a pi ba pase 135°F, ou ka vann li si li chofe ankò jiska 165°F epi kenbe li nan 135°F oswa plis, oswa si li refwadi rapidman jiska 41°F oswa pi ba nan 2 èdtan aprè kouran an retounen.
- Si blakawout la dire plis pase 2 èdtan, ou pa ka vann manje a.

Manje frèt

- Si blakawout la dire mwens pase 2 èdtan epi tanperati manje a se 45°F oswa pi frèt, ou ka vann li. Si tanperati a ant 46°F ak 50°F, refwadi li imedyatman jiska 41°F oswa pi ba nan 2 èdtan.
- Si blakawout la dire ant 2 ak 4 èdtan, ou ka vann manje a si li pi frèt pase 45°F, men ou dwe

refwadi li jiska 41°F oswa pi ba nan 2 èdtan. Si tanperati manje a ant 46°F ak 50°F, ou dwe refwadi li jiska 41°F oswa pi ba nan 1 èdtan. Si tanperati a pi wo pase 50°F, ou pa ka vann manje a.

- Si blakawout la dire 4 è-dtan oswa plis, ou ka vann manje a si li pi frèt pase 45°F epi ou refwadi li jiska 41°F oswa pi ba nan 1 èdtan. Si tanperati a pi wo pase 45°F, ou pa ka vann manje a.

Jete manje ki pa bon pou moun manje:

Si ou pa sèten, jete li. Si w reyalize w dwe jete manje a, dokimante kalite ak kantite manje a ansanm ak rezon ki fè ou dwe jete li pou w ka jere suivi asirans ak regilasyon. Ti kantite manje w dwe jete yo, ou ka detwi yo ak yon pwodwi netwayaj (tankou klowòks) epi mete yo nan yon resipyan fatra ki kouvri deyò a. Pou jete gwo kantite manje, kontakte konpayi ki konn jete fatra pou ou deja oswa operatè depo fatra lokal ou a pou jwenn enstriksyon sou fason pou jete yo.

Retounen nan nòmal:

Ou dwe verifye kondisyon sa yo anvan w rekòmanse preparasyon manje ak/oswa vann manje ki ka danjere:

- Ou jete tout manje ki pa bon pou moun manje e ki ka danjere.
- Yo retabli sèvis elektrisite ak gaz la.
- Yo reyajiste tout entèripte yo jan sa nesesè.
- Tout ekipman ak etablisman yo ap fonksyone byen, tankou: limyè, refrijerasyon, kenbe manje cho, vantilasyon, twalèt
- Dlo cho ak frèt ki potab, anba presyon pou: lave men, lave asyèt jan sa dwe fèt

Si Department of Health fèmen etablisman w lan, li dwe rete fèmen jiskaske ou jwenn apwobasyon ofisyèl nan men Depatman an pou relouvri.

3. Apendis

Apendis A – Plan Wout Evakyasyon Enstalasyon an

Mete kat evakyasyon edifis la.

Apendis B – Sèvis Ijans Piblik ak Kontraktè

Sèvis ijans	Non	Telefòn ijans	Telefòn Biwo
Ponpye	Ponpye nan Providence	911	401-243-6060
Sèvis Medikal Ijans	Ponpye nan Providence	911	401-243-6060
Lapolis	Lapolis nan Providence	911	401-272-3121
Ajans Jesyon Ijans	PEMA	911	401-680-8000
Lopital	Lopital nan Rhode Island	401-444-4000	401-444-4000
Depatman sante nan Rhode Island	RIDOH	401-222-7745	401-222-5960
Depatman jesyon anviwònman nan Rhode Island	RDEM	401-222-3070	401-222-1360
National Grid (Gaz)	N. Grid	800-640-1595 / 911	800-870-1664
National Grid (Elektrisite)	N. Grid	800-465-1212	800-322-3223
Elektrisyen			
Plonbye			
Kontraktè Pwoteksyon Kont Difè			
Kontraktè HVAC			
Sèvis asansè			
Netwayaj Materyèl Danjere			
Netwayaj / Restorasyon kont dezaz			
Kontraktè enfòmatic			

Kontraktè pou sistèm refrijerasyon			
Trelè pou sistèm refrijerasyon			
Materyèl pou lwe			
Sistèm sekirite / CCTV (Kamera siveyans)			

Apendis C – Ekip entèvansyon ijans (Emergency Response Team, ERT)

Ekip entèvansyon ijans

Idantifye manm ekip entèvansyon ijans ou pa t ko idantifye lòt kote.

- Estaf k ap jere etablisman oswa batiman ki byen konn sistèm sèvis piblik ak pwoteksyon ak sila k ap ede nan aktivite pou pwoteje byen.
- Sekirite
- Lòt sa ki resevwa fòmasyon sou kijan pou itilize ekstentè, ak netwaye materyèl danjere ki gen ti fuit ki tonbe.

Ekip	Non manm	Telefòn travay	Telefòn pèsonèl

Apendis D - Lis kontwòl pou menas bonm

- PDF ou ka telechaje sou [CISA](#).

BOMB THREAT PROCEDURES

This quick reference checklist is designed to help employees and decision makers of commercial facilities, schools, etc. respond to a bomb threat in an orderly and controlled manner with the first responders and other stakeholders.

Most bomb threats are received by phone. Bomb threats are serious until proven otherwise. Act quickly, but remain calm and obtain information with the checklist on the reverse of this card.

If a bomb threat is received by phone:

- Remain calm & do not hang up, keep the caller on the line for as long as possible
- If possible, signal other staff members to listen & notify Site Decision Maker(s)
- If the phone has a display, copy the number and/or letters on the display
- Write down the exact wording of the threat
- Record the call, if possible
- Fill out the Bomb Threat Checklist immediately

If you receive a written threat:

- Handle the document as little as possible
- Note date, time, and location the document was found
- Secure the document and do not alter the item in any way
- Notify the organization Site Decision Maker(s)

If you receive a social media or email threat:

- Do not turn off or log out of the account
- Leave the message open on the device
- Take a screenshot, or copy the message and subject line
- Note the date and time
- Notify the organization Site Decision Maker(s)

***Refer to your local bomb threat management plan for evacuation criteria**

DO NOT:

- Use two-way radios or cellular phone in close proximity to a suspicious item
- Touch or move a suspicious item

IF A SUSPICIOUS ITEM IS FOUND, CALL 911

For more information about this form contact the CISA Office for Bombing Prevention at: OBP@cisa.dhs.gov



BOMB THREAT CHECKLIST

DATE:	TIME:
TIME CALLER HUNG UP:	PHONE NUMBER WHERE CALL RECEIVED:

Ask Caller:

• Where is the bomb located? (building, floor, room, etc.)	
• When will it go off?	
• What does it look like?	
• What kind of bomb is it?	
• What will make it explode?	
• Did you place the bomb? Yes No	
• Why?	
• What is your name?	

Exact Words of Threat:

Information About Caller:

• Where is the caller located? (background/level of noise)	
• Estimated age:	
• Is voice familiar? If so, who does it sound like?	

• Other points:

Caller's Voice	Background Sounds	Threat Language
☐ Female	☐ Animal noises	☐ Incoherent
☐ Male	☐ House noises	☐ Message read
☐ Accent	☐ Kitchen noises	☐ Taped message
☐ Angry	☐ Street noises	☐ Irrational
☐ Calm	☐ Booth	☐ Profane
☐ Clearing throat	☐ PA system	☐ Well-spoken
☐ Coughing	☐ Conversation	
☐ Cracking Voice	☐ Music	
☐ Crying	☐ Motor	
☐ Deep	☐ Clear	
☐ Deep breathing	☐ Static	
☐ Disguised	☐ Office machinery	
☐ Distinct	☐ Factory machinery	
☐ Excited	☐ Local	
☐ Laughter	☐ Long distance	
☐ Lisp		
☐ Loud		
☐ Nasal		
☐ Normal		
☐ Ragged		
☐ Rapid		
☐ Raspy		
☐ Slow		
☐ Slurred		
☐ Soft		
☐ Stutter		

OTHER INFORMATION:

Apendis D - Lis kontwòl sou plan aksyon ijans Koutwazi OSHA

Pwoblèm jeneral		
☐	Èske plan an konsidere tout ijans natirèl oswa ijans lèzòm lakòz ki ka deranje espas travay ou a?	Sous ijans komen nou idantifye nan plan aksyon ijans gen ladann dife, eksplozyon, inondasyon, tanpèt, tònad, materyèl toksik ki fuite, aksidans radyolojik epi biyolojik, dezòd sivil ak vyolans nan espas travay la.
☐	Èske plan an konsidere tout sous entèn potansyèl ijans ki ka deranje espas travay ou a?	Fè yon evalyasyon sou danje nan espas travay la pou idantifye nenpòt danje fizik oswa chimik ki ka egziste epi ki ta ka lakòz yon ijans.
☐	Èske plan an konsidere enpak ijans entèn ak ekstèn sa yo nan operasyon espas travay la epi èske entèvensyon an adapte ak espas travay la?	Reflechwi sou pi move senaryo ki ka rive. Mande tèt ou kisa ou t ap fè, ki enpak sa ta genyen sou operasyon w yo epi ki entèvensyon ki ta dwe apwopriye ak aparèy la.
☐	Èske plan an gen yon lis estaf enpòtan ak enfòmasyon kontak menmjan ak enfòmasyon kontak pou sèvis entèvensyon lokal yo, ajans ak kontraktè yo?	Kenbe lis kontak enpòtan ou yo ajou epi pran dispozisyon pou yon sistèm kominikasyon ijans, tankou yon telefòn selilè oswa yon inite radyo pòtab, pou yo ka kontakte otorite lokal yo, ponpye yo, ak lòt moun rapid.
☐	Èske plan an gen non, tit, depatman ak nimewo telefòn moun pou kontakte pou plis enfòmasyon oswa pou jwenn yon eksplikasyon sou devwa ak responsablite anba plan an?	Liste non ak enfòmasyon kontak pou moun ki responsab pou mete plan an sou pye.

☐	Èske plan an abòde kijan pou fè operasyon sovta j yo?	Sòf si w se yon gwo anplwayè k ap jere materyèl ak pwosesis danjere, oswa si w gen anplwaye k ap travay regilyèman nan sitiyasyon ki gen danje ladan yo, w ap pwobableman konte sou resous piblik lokal yo tankou ponpye yo, ki resevwa fòmasyon, ki ekipe epi ki sètifye pou fè operasyon sovta j. Asire nenpòt depatman oswa ajans ekstèn ou idantifye nan plan w lan pare pou abòde jan sa dekri nan plan w lan. Moun ki pa resevwa fòmasyon ka mete tèt yo an danje ansanm ak moun y ap eseye sove yo.
☐	Èske plan an abòde kijan y ap bay asistans medikal?	Pifò ti anplwayè pa gen yon pwogram medikal fòmèl anndan konpayi an, olye de sa yo fè aranjman ak klinik medikal oswa sant sante ki toupre yo pou jere ijans yo. Si pa gen dispansè, klinik oswa lopital toupre espas travay ou, asire w gen moun ki sou plas ki resevwa ase fòmasyon nan premye swen. Kwa wouj ameriken an, kèk konpayi asirans, konsèy sekirite lokal yo, depatman ponpye yo oswa lòt resous ka kapab bay fòmasyon sa a. Yo ta dwe kòmanse trete yon blesi grav nan twa a kat minit apre aksidan an. Konsilte yon doktè pou kòmande materyèl premye swen ki apwopriye pou ijans. Etabli yon relasyon ak yon sèvis anbilans lokal pou kapab gen transpò disponib fasil nan ka ijans.
☐	Èske plan an idantifye kijan epi kibò ou ka jwenn enfòmasyon kontak anplwaye yo nan ka ijans?	Nan ka ijans, li ka enpòtan pou gen aksè rapid ak enfòmasyon pèsònèl ki enpòtan sou anplwaye ou yo. Sa a gen ladann nimewo telefòn lakay yo, non ak nimewo telefòn fanmi ki pi pwòch yo ak enfòmasyon medikal yo.
Politik ak pwosesis evakyasyon		
☐	Èske plan an idantifye kondisyon kote yon evakyasyon ta nesesè?	Plan an ta dwe idantifye sitiyasyon k ap mande pou evakyasyon nan espas travay la. Sa ka gen ladan yon dife, yon tranbleman tèt oswa yon materyèl chimik ki fuite. Nivo evakyasyon ki nesesè a ka diferan selon kalite danje yo.
☐	Èske plan an idantifye yon chèn kòmandman ki klè epi deziyen yon moun ki gen otorite pou bay lòd pou	Se yon pratik komen pou chwazi yon moun ki responsab pou dirije ak kòdone plan ijans ak plan evakyasyon ou an. Li enpòtan pou anplwaye yo konn kiyès ki kòdonatè a epi pou yo konprann moun sa a gen otorite pou pran desizyon pandan ijans. Kòdonatè a responsab pou evalye sitiyasyon an pou detèmine si gen yon ijans ki mande pou aktive

	evakyasyon oswa pou fèmen operasyon yo?	pwosesis ijans yo, sipèvize pwosesis ijans yo, avèti èvis ijans ki an ekstèn epi kowòdone ak yo epi dirije fèmen sèvis piblik oswa operasyon faktori a si sa nesesè.
☐	Èske plan an abòde kalite aksyon yo atann de diferan anplwaye pou diferan kalite ijans potansyèl yo?	Plan an ka presize diferan aksyon pou anplwaye yo selon kalite ijans lan. Pa egzanp, anplwayè yo ka vle fè anplwaye yo rasanble nan yon zòn nan espas travay la si gen menas siklòn oswa tranblemanntè, men fè yo evakye nan yon kote deyò pandan yon dife.
☐	Èske plan an deziyen kiyès, si genyen, ki pral rete pou fèmen operasyon ki kritik pandan yon evakyasyon?	Konsidere mete kote yo dwe fèmen sèvis piblik yo, tankou elektrisite ak gaz, pou tout oswa yon pati nan etablisman an. Tout moun ki rete dèyè pou fèmen sistèm oswa sèvis piblik ki kritik yo dwe kapab rekonèt lè pou yo abandone operasyon oswa travay la epi evakye tèt yo.
☐	Èske plan an trase wout evakyasyon ak sòti espesifik yo, epi èske yo afiche nan espas travay la kote tout anplwaye yo ka jwenn yo fasil?	Pifò anplwayè yo kreye yon plan apati plan chema etaj yo ak flèch ki montre wout sòti yo. Kat sa yo ta dwe gen ladan wout sòti yo, pwen rasanbleman yo ak materyèl (tankou ekstenktè (aparèy pou etènn dife), bwat premye swen ak kit pou netwaye likid tou tonbe) ki ka nesesè nan ka ijans. Ou ta dwe make wout sòti yo byen klè epi byen klere, yo dwe ase laj pou akomode kantite moun k ap evakye yo, san okenn baryè epi pa gen okenn fatra epi yo pa ta dwe mete moun k ap evakye yo an danje ak lòt ris.
☐	Èske plan an abòde pwosesis pou ede moun pandan evakyasyon yo, sitou moun ki gen andikap oswa ki pa pale angle?	Anpil anplwayè deziyen siveyan evakyasyon pou ede deplase anplwaye yo soti nan zòn ki danjere pou ale nan zòn ki an sekirite pandan yon ijans. An jeneral, yon siveyan pou chak 20 anplwaye sifi, epi kantite siveyan ki apwopriye yo ta dwe disponib tout tan pandan lè travay yo. Siveyan yo ka responsab pou tcheke biwo ak twalèt yo epi se yo menm ki ta dwe dènye moun ki sòti nan yon zòn, epi pou asire pòt dife yo fèmen lè y ap sòti. Anplwaye yo deziyen pou ede nan pwosesis evakyasyon ijans yo ta dwe resevwa fòmasyon sou tout plan lokal travay la ak sou wout sòti altènatif. Anplwaye yo deziyen pou ede nan ijans yo ta dwe konnen ki anplwaye ki gen bezwen espesyal (ki ka bezwen plis asistans pandan yon evakyasyon), kijan pou yo sèvi ak sistèm patnè a (buddy system), epi nenpòt zòn danjere yo dwe evite pandan yon evakyasyon ijans.
☐	Èske plan an idantifye youn oswa plizyè zòn	Li enpòtan pou konte tout anplwaye yo aprè yon evakyasyon. Konfizyon nan zòn rasanbleman yo ka lakòz reta pou sove nenpòt moun ki bloke

	rasanbleman (jan sa nesèsè pou divès kalite ijans) kote anplwaye yo pral rasanble, ansanm ak yon metòd pou konte tout anplwaye yo?	nan bilding lan, oswa lakòz operasyon rechèch ak sovtaj ki initil epi ki danjere. Pou asire metòd pou konte anplwaye yo fèt nan yon fason ki pi rapid epi pi egzak, konsidere konte tout moun grenn pa grenn aprè evakyasyon an. Yo dwe kominike responsab ofisyèl la, non ak dènye kote yo te wè nenpòt moun ki pa yo pa t rive konte .
☐	Èske plan an abòde jan yo pral konte vizitè yo epi ede yo lè gen evakyasyon?	Kèk anplwayè fè tout vizitè ak kontraktè siyen lè y ap antre nan espas travay la. Moun ki akeyi vizitè yo oswa siveyan zòn yo, si yo tabli sa, se yo menm yo dwe bay responsablite pou ede vizitè yo ak kontraktè evakye an sekirite.

Rapòte ijans epi alète anplwaye yo nan yon ijans		
☐	Èske plan an idantifye metòd prefere pou rapòte dife ak lòt ijans?	Fè 911 se metòd ki pi komen pou rapòte ijans si y ap itilize ekip k ap fè entèkansyon ekstèn. Yo ka itilize nimewo entèn, yo ka itilize epi pafwa yo konekte ak sistèm entèkòm pou yo ka fè anons kode yo. Nan kèk ka, y ap mande anplwaye yo pou aktive estasyon alèt manyèl oswa lòt sistèm alam.
☐	Èske plan an dekri metòd y ap itilize pou alète anplwaye yo, ki gen ladann anplwaye ki andikale, sou kijan pou yo evakye oswa pran lòt aksyon?	Asire ouw alam yo diferan epi tout anplwaye yo ka rekonèt yo. Yo ka itilize sekans kout klakson oswa lòt kalite alam (tankou klòch oswa klakson) pou bay siy pou diferan entèkansyon oswa aksyon nan men anplwaye yo. Li enpòtan pou genyen yon sistèm kominikasyon ijans disponib, tankou yon sistèm anons piblik, pou difize enfòmasyon ijans bay anplwaye yo. An prensip, tout moun ki nan espas travay la ta dwe kapab tandè, wè, oswa santi alam yo nan yon lòt fason, menm moun ki avèg oswa soud yo. Sinon, siveyan etaj yo oswa lòt moun dwe resevwa travay pou asire yo tout anplwaye yo resevwa notifikasyon. Bat pou genyen yon sous kouran oksilyè pou bay kouran, nan ka gen yon pàn elektrisite.

Fòmasyon ak egzèsis pou anplwaye yo		
☐	Èske plan an idantifye kijan ak kilè anplwaye yo	Fòm anplwaye yo lè w ap devlope premye plan ou a epi lè yo bay nouvo anplwaye travay. Refòm anplwaye yo lè plan ou a chanje akòz yon

	pral resevwa fòmasyon pou yo ka konprann kalite ijans ki ka rive, responsablite yo, ak aksyon yo dwe pran?	chanjman nan plan oswa konsepsyon batiman an, lè yo mete nouvo materyèl, materyèl danjere, oswa pwosesis ki afekte wout evakyasyon yo, oswa lè yo prezante nouvo kalite danje ki mande aksyon espesyal. Fòmasyon jeneral pou anplwaye ou yo ta dwe abòde: • Wòl ak responsablite chak moun; • Menas, danje, ak aksyon pwoteksyon; • Pwosesis notifikasyon, avètisman, ak komunikasyon; • Pwosesis entèvansyon ijans; • Pwosesis evakyasyon, refij ak responsablite; • Anplasan ak itilizasyon ekipman ijans komen yo; epi • Pwosesis pou fèmen an ijans. Ou ka bezwen bay anplwaye yo plis fòmasyon (pa egzanp, pwosesis premye swen, itilizasyon aparèy pòtab pou etèn dife) selon responsablite ki nan plan w lan.
☐	Èske plan an abòde kijan ak kilè refòmasyon ap fèt?	Si w pa ranfòse fòmasyon, moun ap bliye li. Pou sa, anplwaye yo sipoze re-fòme chak ane.
☐	Èske plan an eksplike si ap gen egzèsis epi konbyen y ap fèt?	Lè ou fin revize plan aksyon ijans lan ak anplwaye w yo epi tout moun resevwa bon fòmasyon, li bon pou fè egzèsis pratik souvan selon jan sa nesesè. Enkli resous ekstèn, tankou depatman ponpye ak lapolis, lè sa posib. Apre chak egzèsis, rasanble direksyon an ak anplwaye yo pou evalye efikasite egzèsis la. Idantifye fòs ak feblès plan ou a epi travay pou amelyore li.

Apendis F – Distribisyon plan + Istorik revizyon

Distribisyon ak Aksè Plan an

N ap distribye plan an bay manm ekip entèvansyon ijans lan ak chèf depatman yo. Lidè ekip entèvansyon ijans lan ta dwe konsève yon kopi prensipal dokiman an. Plan an ap disponib pou tout anplwaye kapab revize li.

Nou ta dwe estoke plizyè kopi pou asire manm ekip la ka revize rapidman wòl, responsablite, tach, ak enfòmasyon referans lè ekip la aktive. Nou ta dwe estoke yon kopi elektwonik Plan sa a sou yon sitwèb ki an sekirite epi ki fasil pou jwenn, pou manm ekip yo ka gen aksè si sèvè konpayi an pa ta fonksyone.

Istorik revizyon

Revizyon	Dat	Deskripsyon chanjman yo	Otorizasyon
1			
2			
3			
4			
5			
6			
7			